



Seksyon Sekirite Pwodui yo

**Kritè pou respekte
pou
Pwogram Kalite nan Eta a (CQP)/Bon pratik
agrikòl Massachusetts (mGAPs)
ak
Enspeksyon selon
Règ Sekirite Pwodui
Lwa sou modènizasyon sekirite alimantè**

Pou anpeche pou moun pran maladi nan sa yo manje nan Eta Massachusetts.

Revize pou dènye fwa: 10 Me 2022
Koresponn ak lis kontwòl CQP/mGAPs v7.2

Kontak: Michael Botelho
Imel: Michael.Botelho@Mass.gov
Telefòn: (774) 419-1801



Depatman Resous Agrikòl Massachusetts
30 Riverside Drive, Suite 202
Lakeville, MA 02347

Lis Sijè

Apèsi sou pwogram nan	iv
Entwodiksyon	iv
Baz Kritè yo	iv
Objektif	iv
Tout sa pou respekte yo	iv
Esplikasyon sou senbòl yo	iv
Lis kontwòl sou Sekirite pwodui yo	1
Plan Sekirite Alimantè mGAPS	1
Sistèm pou note tout bagay/Retire pwodui sou mache a	1
Sekirite nan Fèm yo	2
Fòmasyon, Ijyèn Travayè, ak Sante	2
Fòmasyon	2
Enstalasyon Sanitè	3
Ijyèn Travayè	4
Sante travayè	5
Sa yo ajoute nan tè a pou ede l	6
Sa yo ajoute nan tè a pou ede l men yo pa trete	7
Konpòs	7
Bèt	8
Bèt nan bwa ak lòt òganis vivan	8
Fèm pou bèt (Nan Fèm oswa pwopriyete ki pa twò lwen)	8
Bèt ki ret bò kote moun.....	9

Dlo pou fè agrikilti	10
Dlo yo itilize anvan rekòt.....	10
Dlo yo itilize apre rekòt	10
Analiz dlo	11
Rekòt ak apre Rekòt.....	12
Pratik konsènan rekòt	12
Kontenè pou rekòt	12
Materyèl anbalaj	13
Apre rekòt	14
Enstalasyon/Kontwòl sou bète nuizib	14

Apèsi sou pwogram nan

Entwodiksyon

Seksyon sekirite pwodui yo nan Depatman Resous Agrikòl Massachusetts te mete sou pye yon pwogram konbine odit ak enspeksyon, pou yon lòt pati fè, nan sa ki gen rapò ak kilti, rekòt, anbalaj, ak konsèvasyon fwi ak legim ki fre nan Eta Massachusetts. Objektif pwogram sa a se pou asire pa gen okenn danje nan manyen e distribye pwodui fre yo nan Eta a epi prezève sante kèlkeswa moun ki pral manje pwodui sa yo.

Baz kritè yo

Yo te devlope pwogram sekirite pwodui Kalite nan Eta a/Bon pratik agrikòl nan Massachusetts (mGAPS) lè yo konbina GAP ki te la deja ak Règ Sekirite Pwodui (PSR) Lwa sou Modènizasyon Sekirite Alimantè (FSMA). Pwogram sa a espesyal nan sans yo te entegre egzijans règ PSR la nan pwogram odit, ki te la deja yon lòt pati ap fè, sou Kalite nan Eta a, sa ki mande yon (1) sèl vizit kote yo bay otorizasyon pou antre sou mache a, e anmenmtan fè yon enspekson pou wè si yo respekte règ yo. Massachusetts te adopte PSR la kòm lwa eta a, li fè enspektè MDAR yo vin otorite k ap fè respekte règ yo e ajan k ap veye pou yo suiv PSR nan Eta a. Jan yo fè sa e jan sa ye, lè tout bagay byen pase pou odit yo fè pou yon fèm sou kalite/mGAPs nan Eta a, fèm nan vin konfòm ak Règ Sekirite Pwodui yo.

Objektif

Objektif dokiman an se fè pwodiktè yo, moun k ap achte yo, ak gwoup defans yo ak lòt pati ki enterese yo konnen kritè ki nesesè pou yo konfòme yo ak règ sekirite pwodui kalite/mGAPs nan Eta a, kit se pou fèm ki kalifye pou yo fè yon enspekson pou wè si yo respekte règ yo e/oswa pou fèm yo dwe fè yon odit pou yo gen aksè ak mache a. Kritè pou respekte yo koresponn ak lis kontwòl enspektè/moun k ap fè odit sou sekirite pwodui yo ap itilize lè yo nan espas la. Yo byen esplike e devlope chak eleman nan lis kontwòl la pou ka ede moun byen konprann fason fèm yo ka konfòme yo ak chak egzijans.

Tout sa pou respekte yo

Sa pou respekte yo selon pwogram Kalite/mGAPs nan Eta a baze sou de (2) aspè prensipal: *Sekirite pwodui yo ak Règ pou anviwònman an. Lis kontwòl sou Sekirite Pwodui yo gen tout enfòmasyon presi ki gen rapò ak PSR ansanm ak lòt egzijans anrapò ak sekirite alimantè.* Seksyon sa a pale sou pi bon pratik nan fèm nan anrapò ak: Planifikasyon ak dokimantasyon anrapò ak Sekirite Alimantè, Fòmasyon travayè ak Sante ak Ijyèn, Sa yo ajoute nan tè a pou ede l, Bèt nan bwa ak lòt òganis vivan ak Bèt, Agrikilti ak Dlo yo itilize apre rekòt, ak Pratik Rekòt/Apre Rekòt.

Esplikasyon sou senbòl yo

Gen kèk pwen nan lis kontwòl la yo mete senbòl e/oswa lèt. Senbòl sa yo ede idantifye kèk aktivite ki nesesè ak dokiman sipò pou kèk aktivite. Men yo:

- §: Se yon eleman nan lis kontwòl la ki se egzijans nan kad Règ sou Sekirite Pwodui yo e li toujou asosye ak nimewo referans ki koresponn nan. Eleman sa yo se egzijans ki nan lis la nan kad PSR; nimewo referans yo endike kote yo ka jwenn egzijans presi a.

Tout fèm ki kalifye yo dwe satisfè egzijans sa a nan kad yon enspeksyon pou wè si yo respekte règ yo.

- W:** Sa montre nesesite pou gen yon Pwosedi fonksyònman standa (SOP) ki ekri. Li trè pwobab pou SOP sa yo enpòtan pou kapasite fèm nan genyen pou rive mete sou pye yon pwogram sekirite alimantè ki efikas, ak yon pwosedi ki ekri k ap asire bagay yo toujou fèt menm jan e k ap sèvi k ap referans pou tout anplwaye yo. Senbòl sa a montre tou ki lè gen yon dokiman sipò ekri nesesè pou satisfè yon egzijans (pa egzanp siy ki bay enfòmasyon).
- R:** Sa montre nesesite pou gen yon dokiman pou konsève sa ki fèt oswa pou gen yon rejis y ap bezwen toujou itilize e mete ajou, sa gen ladan l men se pa sa sèlman, rejis fòmasyon ak netwayaj. Nan dokiman y ap konsève yo, gen rezulta analiz dlo yo tou.



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte
1	Plan sekirite alimantè mGAPS	
1.0.1	Èske gen yon plan sekirite alimantè ki baze sou egzijans règ mGAPS ak règ sekirite pwodui yo?	Plan sekirite alimantè ekri a ap sèvi kòm gid pou fèm nan pou ka idantifye aktivite l yo epi devlope SOP fòmèl nan sa ki gen rapò ak sekirite alimantè pou asire yo respekte pwogram odi Kalite nan Eta a ak Règ sekirite pwodui yo. W
1.0.2	Èske yo te deziyen yon responsab sekirite alimantè nan fèm nan?	§112.23: Nan Plan sekirite alimantè a, yo dwe deziyen yon responsab Sekirite alimantè, epi fè tout pèsonèl nan fèm nan ki konsène konn sa aklè. §
1.0.3	Èske responsab sekirite alimantè nan fèm nan te jwenn fòmasyon ofisyèl Alyans pou sekirite pwodui yo?	§112.22(c): Responsab Sekirite alimantè a dwe suiv epi fini ak kou Fòmasyon pou pwodiktè Alyans pou sekirite pwodui yo. Yo dwe bay yon kopi sètifikasi a kòm prèv gen yon fòmasyon ofisyèl yo te resevwa. § R
1.0.4	Èske yo revize plan sekirite alimantè a omwen chak ane?	Yon paj kouvèti ki gen dat dènye revizyon yo te fè sou Plan sekirite alimantè ak lis moun ki te fè revizyon yo ap sèvi kòm verifikasyon revizyon ki fèt chak ane a. R
1.0.5	Èske gen yon kat nan fèm nan ki omwen idantifye: tè y ap kiltive yo, pil konpòs yo, betay ki nan fèm nan oswa toupre, bïlding yo, stòk pestisid lan, sistèm septik, sous dlo yo, ponp yo, kanalizasyon yo, distribisyon irigasyon yo (pa gout, pa anlè), ak twalèt yo?	Kat fèm nan dwe gen ladan l karakteristik enpòtan ki koresponn ak eleman ki nan lis kontwòl la. Yo ka fè kat la ak Google Map epi enprime l, oswa desine l alamen, fè l ak NRCS, ak GIS, elatriye. R
1.1	Sistèm pou note tout bagay/Retire pwodui sou mache a	
1.1.1	Èske fèm nan gen yon sistèm pou note tout bagay konsènan pwodui yo?	Dwe gen yon pwogram ekri ki la ki dekri SOP fòmèl fèm nan anrapò ak metòd pou konnen kote yon epidemi soti ak jan li ka gaye, oswa anrapò ak konnen yon pwodui kontamine oswa pa bon. Pwogram nan dwe gen enfòmasyon konsènan moun pou kontakte si gen ijans, ak enstriksyon de baz sou sa pou fè nan ka kote gen pwodui li posib pou yo retire sou mache a. W
1.1.2	Pandan 12 dènye mwa yo, èske yo te fè yon egzèsis similasyon retire pwodui sou mache a epi ekri jan sa te pase?	Fèm nan dwe prezante yon kopi ki gen dat konsènan rezime egzèsis similasyon retire pwodui sou mache a. Nan rezime a, dwe gen patisipan an ak detay sou efikasite egzèsis la, longè egzèsis la, elatriye. R



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
1.1.3	Èske yo mete non ak adres fèm nan bon kote sou etikèt anbalaj pwodui alimantè yo oswa Kote yo fè vant yo?	§112.6(b): Lè yo mande pou gen etikèt pou yon anbalaj pwodui alimantè, non ak adres konplè fèm nan ak kote yo kiltive pwodui a dwe parèt aklè sou etikèt la. Lè yo pa mande pou gen etikèt pou anbalaj alimantè oswa li pa la, enfòmasyon sa yo dwe afiche aklè kote y ap vann pwodui yo sou yon etikèt, yon afich, yon pano, yon pankat oswa avi sou papye oswa fòma elektwonik. Adrès konplè biznis lan gen ladan l: ri oswa bwat postal, vil, eta ak kòd postal.	§ W
1.2	Sekirite nan Fèm yo		
1.2.1	Èske gen mezi sekirite yo mete an plas pou kontrekare zak malveyan sou pwodui, pwopriyete, ak pèsònèl la?	Mezi sekirite yo depann de fèm nan, men l ka gen ladan l kloti, siyalizasyon, videyo siveyans, ak kaye prezans ansanm ak lòt bagay si sa nesesè.	
2	Fòmasyon, Ijyèn travayè yo ak Sante		
2.0	Fòmasyon		
2.0.1	Èske gen yon politik fòmasyon ki ekri ki an plas, sa gen ladan l pwogram, soutyen nan plizyè lang, ak pwogram fòmasyon?	§112.22: Pèsònèl la dwe jwenn fòmasyon sou prensip ijyèn ak sekirite alimantè, enpòtans sante ak ijyèn pèsònèl pou tout pèsònèl ak vizitè yo, idantifye e izole pwodui ki ka kontamine yo, netwaye e dezenfekte ekipman ak biling/sifas ki konsène yo, enpekte kontenè rekòt yo ak ekipman yo pou asire yo pa sous kontaminasyon, e bay premye swen ak netwaye nan ka kote gen san ak likid ki sot nan kò moun. Fòmasyon sou lòt sijè ka nesesè tou depan de gwo sè fèm nan. Fòmasyon an dwe adapte e apwopriye ak travay anplwaye yo ap fè.	§ W
2.0.2	Èske yo fini ak fòmasyon yo e yo ekri tout detay sou fòmasyon yo?	§112.21, §112.30: Nan detay yo ekri yo dwe gen dat, sijè yo te pale nan fòmasyon an, ajan ki te bay fòmasyon an, non ak siyati moun ki te pran fòmasyon an.	§ R
2.0.3	Èske yo te bay fòmasyon lè yo bay travay la oswa chak ane oswa lè sa nesesè?	§112.21: Yo dwe òganize fòmasyon pou tout anplwaye anvan oswa nan kòmansman sezon an e omwen chak ane pou anplwaye ki travay tout sezon an oswa ki retounen travay. Si vin gen nouvo anplwaye apre premye fòmasyon an oswa nan mitan sezon an, yo dwe fòme yo tou, epi ekri detay sou fòmasyon sa a. Epitou, yo ka bay anplwaye fòmasyon nan kad suivi k ap fèt si sa nesesè.	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
2.0.4	Èske fèm nan gen egzijans/enstriksyon ki vizib pou tout travayè ak vizitè nan fèm nan, e si sa nesesè ki disponib nan lòt lang yo pale sou fèm nan?	Enstriksyon oswa pankat yo dwe sèvi kòm rapèl pou anplwaye yo e kòm èd pou vizitè yo oswa lòt moun ki pa byen konnen SOP fòmèl fèm nan nan sa ki gen rapò ak sekirite alimantè.	w
2.0.5	Èske patnè kontra/biznis ak vizitè yo anba menm prensip sekirite alimantè ak pèsonèl fèm nan ki pran fòmasyon?	§112.33(a): Patnè deyò nou genyen yo ak vizitè yo dwe konnen politik ak pwosedi ki pwoteje pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje yo ak sifas ki an kontak ak pwodui alimantè yo pou yo pa kontamine, epi pran tout mezi rezonab ki nesesè yo pou asire vizitè yo konfòme yo ak politik ak pwosedi sa yo.	§
2.1	Enstalasyon Sanitè		
2.1.1	Èske regilyèman yo pran swen twalèt ki pou tout anplwaye yo, e èske yo pwòp e nan bon kondisyon ijyèn?	§112.129(b)(1)(2)(3): Yo dwe netwaye twalèt yo pou anpeche pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje, sifas ki an kontak ak manje ak zòn yo jere pwodui yo, vin kontamine. Yo dwe pran swen yo e netwaye yo regilyèman pou asire yo byen itilize yo, e regilyèman yo dwe mete papye ijenik ladan yo. Epitou, yo dwe byen sèvi ak twalèt yo e yon fason ki pap kontamine pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje, sifas ki an kontak ak manje, sous dlo moun wè yo tankou rivyè, lak, elatriye.	§
2.1.2	Èske gen rejis ki endike ki lè yo netwaye lokal yo ak twalèt yo epi mete papye, savon ak lòt bagay ladan yo?	Rejis netwayaj yo dwe omwen endike dat, lè, non moun ki netwaye twalèt la ak sa l te fè. Si yo fè kontra ak yon antrepriz pou pran swen twalèt yo, yo dwe toujou mete rejis sa yo disponib.	R
2.1.3	Èske jan yo fè twalèt yo apwopriye e yo mete yo kote k ap redui risk kontaminasyon?	§112.129(b)(1)(2)(c): Yo dwe fè twalèt yo e mete yo kote k ap anpeche pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje, sifas ki an kontak ak manje ak zòn yo jere pwodui vin kontamine. E yo dwe byen fasil pou moun ka gen aksè pou pran swen yo.	§
2.1.4	Èske twalèt yo fasil pou anplwaye ak vizitè yo jwenn e kantite twalèt ki disponib lan ase?	§112.129(a), §112.33(b): Pèsonèl la dwe gen twalèt ki apwopriye, ki fasil pou moun gen aksè, menmsi se nan zòn yo kitilve pwodui yo pandan rekòt. Aksè a dwe respekte egzijans Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA).	§
2.1.5	Èske gen pankat ki mande pou lave men?	Yo dwe mete pankat ki mande pou moun lave men ak enstriksyon sou lave men yon fason tout moun ka wè nan espas pou lave men yo (e nan lòt lang si nesesè).	w



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
2.1.6	Èske tout enstalasyon pou lave men yo gen dlo ki pwòp, savon, ak bagay yo ka jete apre yo fin siye men yo? Èske gen resipyen apwopriye pou yo jete bagay sa yo ak lòt resipyen menm jan an?	§112.130, §112.44(a)(4): Pèsonèl la dwe gen kote ki apwopriye e ki gen aksè fasil pou yo lave men yo, dwe gen savon, dlo pwòp ak sèvyèt an papye yo ka jete apre yo fin siyen men yo (oswa aparèy elekrik pou seche men). Likid dezenfektan pou men yo pa ka ranplase savon ak dlo. Dwe gen poubèl apwopriye ki la pou evite sèvyèt an papye yo fin itilize yo ak lòt fatra vin yon sous kontaminasyon.	§
2.1.7	Èske enstalasyon pou lave men yo dirèkteman toupre twalèt yo oswa lòt bagay ki kapab sous kontaminasyon?	Tout enstalasyon pou lave men yo dwe toupre twalèt yo, kit se anndan twalèt yo, kit se deyò yon twalèt pòtab, pou ka redui risk kontaminasyon ant lè yo fin itilize twalèt yo ak pou yo lave men yo. Lòt espas kote men ka vin yon sous kontaminasyon, pa egzanp pak bète, dwe gen kote pou lave men tou, ki toupre oswa ki nan yon distans rezonab, pou evite n pran mikwòb yon kote epi al kontamine yon lòt kote.	
2.1.8	Èske pèsonèl fèm nan lave men yo chak fwa men yo ka yon sous kontaminasyon?	§112.32(b)(3): Egzanp: anvan nou kòmanse travay, anvan nou mete gan, apre nou fin itilize twalèt la, lè nou retounen nan travay apre yon poz oswa yon tan nou pa t la, kou sa posib apre nou fin touche bète oswa twalèt bète, oswa nenpòt lè men nou te ka an kontak ak bagay yon fason ki rezonab ki ka lakòz kontaminasyon pwodui yo oswa sifas ki an kontak ak manje.	§
2.2	Ijyèn travayè yo		
2.2.1	Èske yo byen pran swen rad, sa yo met nan pye, ekipman pwoteksyon, e yo apwopriye pou itilize, e èske yo mete yo yon fason k ap redui risk pou kontamine pwodui yo?	§112.32(a)(b)(1): Rad yo dwe pwòp nan kòmansman jounen an, lè sa aplikab, chanje yo pandan jounen an lè yo vin ka yon sous kontaminasyon, e an jeneral, mete rad yo yon fason pou prezève pwòprete ak ijyèn pèsonèl.	§
2.2.2	Si yo mete gan lè y ap manyen pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje, èske gen yon politik ekri, e èske gan yo ret an bon eta e nan bon kondisyon ijyèn oswa yo ranplase yo lè yo ka vin sous kontaminasyon?	§112.32(b)(4): Si yo sèvi ak gan nan fèm nan pou kèlkeswa bagay la, yo dwe mete yon SOP sou pye. Yo dwe pran swen gan yo e yo dwe nan bon kondisyon ijyèn lè y ap itilize yo pou pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje; yo dwe ranplase yo lè li pa posib pou respekte règ sa yo ankò.	§ W
2.2.3	Èske yo retire gan, tabliye oswa lòt ekipman anvan y al nan twalèt oswa pandan poz?	§112.32(a)(b)(1): Yo dwe retire ekipman oswa rad pwoteksyon yo anvan pou sèvi ak twalèt pou ka redui risk kontaminasyon, sitou si yo te itilize ekipman oswa rad yo dirèkteman oswa toupre pwodui yo oswa sifas ki an kontak ak manje.	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
2.2.4	Si yo mete bijou lè y ap manyen pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje yo, èske gen yon politik ki an plas pou sa, e èske bijou an ret nan yon bon kondisyon ikyèn k ap anpeche l ka vin yon sous kontaminasyon?	§112.32(b)(5): Pèsonèl la dwe gen yon seri abitid ikyèn pandan travay yo nan mezi sa posib pou pwoteje kont kontaminasyon konsa. Si nou mete bijou, li enpòtan pou n retire oswa kouvri bijou ki nan men yo, ki pa ka netwaye oswa dezenfekte nòmalman pandan moman y ap manyen pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje.	§
2.2.5	Èske gen yon politik kouvri cheve oswa konfinman ki an plas, e si se wi, èske yo suiv li?	§112.32(a): Pèsonèl la dwe gen yon seri abitid ikyèn pandan travay yo nan mezi sa posib pou pwoteje yo kont kontaminasyon konsa. Cheve ak sa yo met sou cheve yo dwe yon fason ki pap lakòz kontaminasyon. Si gen yon politik fòmèl anrapò ak cheve ak sa yo met sou cheve, veye pou yo suiv yo.	§
2.2.6	Èske yo entèdi aklè pou fimen, moulen bagay, manje, bwè (lòt bagay ki pa dlo), pipi, twalèt oswa krache nan zòn yo kiltive yo/fè anbalaj yo/rekòlte/stoke bagay yo?	§112.32(b)(6): Veye pou anplwaye yo fimen, moulen bagay ak manje nan zòn yo fè pou pran poz yo, e yo lwen zòn yo jere pwodui yo. Se sèlman nan twalèt ki la pou sa yo pèmèt moun pipi ak twalèt.	§
2.2.7	Èske zòn pou pran poz ak kote vizitè yo gen aksè lwen ak zòn yo jere pwodui yo e yo stoke yo?	Dwe gen kote presi pou pran poz, e ki lwen kote yo kiltive pwodui oswa zòn yo jere pwodui pou redui risk pou pran mikwòb yon kote al kontamine yon lòt kote.	
2.2.8	Èske tout anplwaye nan espas la gen aksè ak dlo potab?	Lè anplwaye ki nan chan yo gen dlo ki disponib pou yo bwè, sa redui possiblité pou pèsonèl yo ap plede ap kite espas la epi ap reantre nan zòn pwodiksyon an, sa ki t ap ogmante risk pou pran mikwòb yon kote al kontamine yon lòt kote.	
2.2.9	Lè sa apwopriye, èske gen kazyé/kontenè oswa espas stokaj yo chwazi ki la pou anplwaye yo met afè yo, ekipman pwoteksyon, ak zouti, èske yo lwen zòn yo jere pwodui yo?	§112.123(b)(2): Afè anplwaye yo, ekipman pwoteksyon ak zouti yo dwe yon kote ki redui risk pou yo ta vin kontamine. Mete sou sa, zòn yo deziye pou sa yo dwe lwen pwodui yo oswa zòn yo jere pwodui yo pou anpeche pou mikwòb sot yon kote al kontamine yon lòt kote.	§
2.3	Sante travayè		
2.3.1	Èske yo pa kite pèsonèl ki gen yon kote nan kò yo ki koupe, ki blese, ki gen plè, manyen pwodui yo?	§112.31: Yo dwe retire anplwaye yo nan aktivite ki ka lakòz pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje yo kontamine lè li klè moun nan gen, oswa parèt, gen yon pwoblèm sante. Manm pèsonèl la dwe fè sipèviziè ki sou tèt yo konnen eta sante yo.	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
2.3.2	Èske gen politik sou san ak likid ki koule sot nan kò a ak SOP sou manipilasyon ak netwayaj zòn ki kontamine a?	Yon politik ki ekri ap sèvi kòm gid sou sa pou fè nan ka kote ta gen san oswa likid ki koule sot nan kò moun ki ta ka lakòz pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje, sifas ki an kontak ak manje, pou yo vin kontamine, oswa sa pou fè pou lòt sous kontaminasyon ki posib. Refere ak chapit 3, Seksyon 1, pati e. <i>Règ pou sa yo kiltive, rekòt, anbalaj ak konsèvasyon pwodui pou moun manje: Gid pou endistri.</i>	w
2.3.3	Èske gen kit premye sekou ki ajou ki disponib pou tout pèsonèl la (sa gen ladan I pèsonèl ki travay nan jaden)?	Kit pou sekou yo dwe toujou disponib nan espas la ak pou transpòte lè sa nesesè. Yo dwe ap fè mizajou nan kit pou sekou yo e mete sa ki manke yo selon bezwen ki genyen ak aktivite enpòtan ki gen sou fèm nan.	
2.3.4	Èske yo anpeche anplwaye yo (sa gen ladan I pèsonèl ki nan travay nan jaden), ki bay siy yo malad, gen kontak dirèk ak pwodui yo, zòn yo jere pwodui yo, ak sifas ki an kontak ak manje yo?	§112.31: Yo dwe retire anplwaye yo nan aktivite ki ka lakòz pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje yo kontamine lè li klè moun nan gen, oswa parèt, gen yon pwoblèm sante. Manm pèsonèl la dwe fè sipèviziè ki sou tèt yo konnen eta sante yo.	§
2.3.5	Èske yo kenbe enfòmasyon sou anplwaye yo te anpeche (akoz maladi oswa blese) gen kontak dirèk ak pwodui yo, zòn yo jere pwodui, ak sifas ki an kontak ak manje yo?	Dosye yo dwe endike ki lè te gen yon gwo blese oswa maladi grav (sa ki lakòz yon anplwaye pa kapab manyen dirèkteman pwodui yo oswa sifas ki an kontak ak manje) ki te rive pou ka pèmèt yo rive wè orijin yon epidemi si toutfwa ta vin genyen. Li pa nesesè pou gen yon rejis presi pou blese ak maladi, yo ka mete ka sa yo nan rejis jeneral evènman enpòtan yo ak mezi ki pran pou korije sa.	R
3	Sa yo ajoute nan tè a pou ede I		
3.0.1	Èske pèsonèl ki konsène a te jwenn fòmasyon pou yo sèvi ak Bagay biyolojik ki soti nan bète yo ajoute nan tè a pou ede I (BSAAO)?	§112.21(a)(b), §112.52: Yo dwe fòme pèsonèl k ap sèvi ak Bagay biyolojik ki soti nan bète yo ajoute nan tè a pou ede I (BSAAO). Fòmasyon sa a ap mete aksan sou posiblite pou moun oswa bagay lakòz lòt bagay kontamine, sèvi ak zouti yo epi dezenfekte yo, limit ak egzijans nan sa k gen rapò ak ekipman pwoteksyon yo (tankou bòt ki rezève pou aktivite konpòs), lave men ak lòt metòd pou redui posiblite pou gen bagay ki kontamine.	§
3.0.2	Èske gen rejis ki endike kalite ak dat yo te yo ajoute bagay nan tè a pou ede I?	Rejis ki endike kalite ak dat yo te ajoute bagay nan tè a pou ede I, men ki pa trete, pèmèt yo verifye yo respete entèval pou ajoute bagay nan tè a pou ede I ki se 90/120 jou (pou plis detay, gade pwen 3.1.1). Rejis pou sa yo byen trete yo ap yon metòd k ap ede yo rive wè ki lè bagay yo ajoute a te kontamine apre yo fin trete I, oswa si yo pa t bay dokiman pou konfime tout bagay anfòm, sa ki lakòz vin gen yon epidemi.	R



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
3.0.3	Èske gen SOP pou netwaye ak dezenfekte ekipman ki an kontak ak sa yo ajoute nan tè a pou ede l ki soti nan bêt?	§112.52, §112.123(d)(2)(e): Si pèsonèl e/oswa ekipman yo reprezante yon risk pou kontamine lòt bagay, dwe gen mezi ki detaye yo pran sou netwayaj ak dezenfekte pou tout zouti oswa ekipman yo itilize pou trete, pou transpò, pou aplike, elatriye. BSAAO, ak tout pèsonèl ki konsène yo dwe byen fòme pou aktivite sa yo.	§ R
3.0.4	Si se nan men yon founisè yo achte sa yo ajoute nan tè a pou ede l, èske gen yon lèt garanti ki asire kontni an e/oswa pwosesis la pa gen mikwòb ki kapab yon sous kontaminasyon?	§112.60(b): Pou bagay biyolojik ki soti nan bêt yo ajoute nan tè a pou ede l (BSAAO), e yo trete, e se yon founisè ki bay li, yo dwe ekri tout detay omwen yon fwa chak ane pou sètifye yo te byen ni trete, ni manyen, ni transpòte ak ni stoke BSAAO.	§ R
3.0.5	Èske yo byen stoke bagay yo ajoute pou ede tè a epi yo lwen kote yo fè rekòt, anbalaj ak stoke pwodui yo?	§112.52: Anrapò ak bagay yo ajoute nan tè a pou ede l (kit yo trete kit yo pa trete), yo dwe manyen yo e stoke yo yon fason e yon kote pou l pa vin sous ki ka kontamine pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje, sifas ki an kontak ak manje, zòn yo itilize pou aktivite yo enspekte, sous dlo, sistèm distribisyon dlo, ak lòt bagay yo met nan tè a pou ede l. Yo dwe pran an konsiderasyon dlo ki ka ap koule akoz lapli oswa lòt sous, pousyè oswa sikilasyon machin ak pyeton.	§
3.0.6	Si yo itilize dechè moun, èske l ann amoni ak règleman EPA ¹ pou biyosolid 40 CFR ² pati 503?	§112.53: Pou Bagay yo ajoute nan tè a pou ede l ki alabaz dechè moun, yon fwa pa ane, ou dwe jwenn yon dokiman ki sètifye yo te trete dechè yo kòrekteman ann amoni ak règleman EPA pou biyosolid 40 CFR pati 503.	§ R
3.1	Sa yo ajoute nan tè a pou ede l men yo pa trete		
3.1.1	Èske bagay yo mete nan tè a pou ede l, bagay yo pa trete yo itilize nan zòn pwodiksyon yo, yo evite yo nan de (2) semèn apre yo fè plantasyon an oswa nan 120 jou rekòt pou pwodui ki an kontak dirèk ak sòl la (90 jou san kontak dirèk ak sòl la)?	§112.51, §112.56(a): Bagay yo ajoute nan tè a pou ede l e ki pa trete se kèlkeswa bagay yo ajoute nan tè a ki pa fin byen trete yon fason pou redui yon fason apwopriye mikwoðganis ki enpòtan pou sante kominate a, sa gen ladan l fimye brit, dechè ki sot nan pyebwa, elatriye. Entèval pou ajoute bagay sa yo nan tè a dwe chita nan espas 90/120 jou. Rejis pou entèval yo dwe montre yo respekte entèval ki nesesè yo epi dwe gen dat yo ajoute bagay nan tè a, kalite sa yo te ajoute a ak kote a; entèval anvan rekòt la dwe koresponn ak dat yo ajoute bagay nan tè a ak rejis rekòt pou jaden sa yo.	§ R
3.2	Konpòs		

1. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònman

2. Kòd Regleman Federal



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
3.2.1	Èske syantifikman yo te valide pwosesis konpòs nan fèm nan (konpòs statik ak lè a, konpòz y ap vire, lòt)?	§112.54(b)(1)(2): Metòd konpòs yo valide syantifikman yo t ap otorize pou yo aplike nan yon entèval 0 jou gen ladan l 1) <i>konpòs ki rete yon kote men lè (sa vle di oksijèn) antre ladan l ak omwen 131 °F (55 °C) pandan 3 jou youn dèyè lòt, e apre yo kite l seche yon fason ki apwopriye; 2) konpòs kote y ap vire l e lè antre ak omwen 131 °F (55 °C) pandan 15 jou (li pa oblige youn dèyè lòt), e kote yo vire l omwen senk fwa, e apre yo kite l seche yon fason ki apwopriye.</i> Nou ka pran kòm referans pati §112.54(a)(b) ak §112.55 pou n wè lòt metòd pou trete e transfòme bagay yo met nan tè a pou ede l ak règ anrapò ak mikwoòganis pou pwosesis sa yo.	§
3.2.2	Èske gen rejis pou fè suivi pou pwosesis konpòs la e èske gen lè pou vire yo, tanperati debaz ak lòt endikasyon yo note yon fason ki regilye?	§112.60(b)(2): Pou Bagay biyolojik ki soti nan bète yo ajoute nan tè a pou ede l (BSAAO), e yo trete, e yo pwodui nan fèm nan, li nesesè pou gen dokiman ki pwouve kontwòl pwosesis la (pa egzanp, kantite tan, tanperati, ak vire) pou valide pwosesis ak règ anrapò ak mikwoòganis yo apwouve nan pwen 3.2.1 .	§ R
4	Bète		
4.0.1	Èske yo fè suivi regilyèman sou aktivite bèt yo?	§112.83: Yo devlope yon SOP pou evalye zòn ki konsène yo pou jwenn prèv ka gen kontaminasyon. Dwe gen yon pèsònèl yo asiyé pou siveye sa epi ki byen fòme pou travay sa a.	§
4.1	Bète nan bwa ak lòt òganis vivan		
4.1.1	Èske gen yon SOP apwopriye pou pran nòt epi izole zòn pwodui yo ak operasyon yo nan ka gen yon bon kou bèt ki viv nan rakkwa ki anvayi espas la?	§112.83(b), §112.112: Nan ka kote bèt ki anvayi espas la ka reprezante yon gwo risk kontaminasyon, dwe gen yon SOP fòmèl pou idantifye zòn nan, izole zòn nan parapò ak rekòt la, epi pran nòt sou anvayi yo anvayi espas la. Menm jan ak pwen 2.3.5 , li pa nesesè pou gen yon rejis presi pou anvayi bèt anvayi, e yo ka mete ka sa yo nan rejis jeneral evènman enpòtan yo ak mezi yo pran pou korije sa.	§ R
4.1.2	Èske gen mezi yo pran (kloti, pèlen, elatriye) pou limite e/oswa chase bèt ki nan rakkwa nan zòn kote gen domaj nan sa k plante yo?	Nan ka gen anpil bèt nan bwa ki anvayi, tout mezi yo pran dwe apwopriye pou redui posiblite kontaminasyon ki genyen epi suiv tout règ lokal, eta, oswa federal anrapò ak bèt ak kontwòl bèt. Ann amoni ak §112.84 nan PSR la, yo pa otorize pou "pran" espès bèt ki menase oswa ki sou wout disparèt.	
4.2	Fèm pou bèt (Nan fèm oswa pwopriyete ki pa twò lwen)		



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
4.2.1	Èske tout bêt elvaj ki nan fèm nan apa e yo mete yo yon kote yon fason pou redui risk pou gen mikwòb pou kontamine zòn pwodiksyon/rekòt, ekipman, stokaj ak zòn pou jere pwodui yo?	§112.83(b), §112.134: Si nan fèm nan, yo fè elvaj bêt oswa betay, veye pou kote yo ye a pran an konsiderasyon espas toupre ki gen pwodui yo ak zòn yo jere pwodui yo. Pami mezi pwoteksyon yo, gen ladan I pran dispozisyon pou kontwole kote y ap lage twalèt bêt yo (sètadi fòs, fè twalèt yo fè pil, pa kite dlo pase nan zòn bêt yo, plante plant kòm baryè, oswa strikti pou jere twalèt bêt.	§
4.2.2	Èske yo te devlope SOP anrapò ak bète nan fèm nan si yo itilize yo nan fèm nan (lave men, ekipman separe, elatriye)?	§112.83(b): Si gen bète yo itilize nan fèm nan, dwe gen SOP ki an plas pou asire gen bonjan pwòprete anrapò ak ijyèn pèsonèl, rad/bagay pou pye travayè yo, zouti, ak ekipman, sa gen ladan I chanje ekipman, rad oswa bagay pou pye ant aktivite ki gen rapò ak pwodui yo/bète ak netwayaj ekipman an. Mete sou sa, si bète yo fè travay yo yo itilize yo kote ki gen pwodiksyon an, asire w itilizasyon yo ak prezans yo nan espas la ann amoni ak pwen 3.1.1 .	§
4.2.3	Èske pak bète pou timoun yo nan bon kote a, e èske gen pano pou endike travayè yo ak vizitè yo yo dwe lave men yo apre yo fin touche bète yo?	§112.33(b), §112.83(b): Si fèm nan gen pak bète pou timoun, asire w kote yo ye a pran an konsiderasyon espas toupre ki gen pwodui ak zòn yo jere pwodui yo. Yo dwe bay atansyon spesyal nan fòme ak bay vizitè yo enfòmasyon sou bonjan teknik sante ak ijyèn nan sa ki gen rapò ak rès fèm nan ak pano pou soutni egzijans sa yo. Li t ap bon pou gen kote pou lave men ki toupre kèlkeswa pak bète pou timoun oswa bète pou karese.	§ W
4.2.4	Èske yo stoke fimye ki sot nan pak pou timoun epi jere yo yon fason k ap redui risk kontaminasyon ak mikwòb?	§112.52(a)(c), §112.134: Gade pwen 3.0.1, 3.0.2, ak 3.0.5 .	§
4.3	Bète ki ret bò kote moun		
4.3.1	Èske yo entèdi bète sa yo nan zòn yo kiltive yo, yo fè rekòt, anbalaj ak stokaj yo, e èske yo gen kontwòl sou twalèt bète sa yo pou redui risk kontaminasyon?	§112.127, §112.134: Yo dwe entèdi bète ki ret bò kote moun yo nan bilding ki fèmen nèt yo kote y ap jere pwodui yo (sètadi, lave, anbale, ak stoke pwodui yo, materyèl anbalaj, oswa bak pou rekòt). Yo dwe entèdi bète sa yo tou nan espas y ap kiltive pwodui yo. Dwe gen yon sistèm yo mete an plas pou byen asire yo gen kontwòl twalèt bète sa yo e yo pa yon sous kontaminasyon. Nan kèk ka, ka gen esepsyon pou chyen gad oswa chyen yo byen fòme yo.	§
4.3.2	Èske gen pano pou fè vizitè yo ak vwazen fèm agrikòl la konnen yo entèdi bète ki ret bò kote moun pou vini nan zòn yo kiltive yo, fè rekòt yo, ak anbalaj yo?	Li nesesè pou gen pano pou fè lòt moun konnen politik fèm nan, anrapò ak bète ki ret bò kot moun, nan zòn yo jere pwodui yo. Kote sa nesesè, pano yo dwe endike zòn yo entèdi bète sa yo. Kote yo pèmèt bète yo, dwe gen pano ki di règ ak direksyon yo pou asire bète sa yo pa reprezante risk kontaminasyon.	W



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
5	Dlo pou fè agrikilti		
5.0.1	Èske yo te fè premye evalyasyon (anvan sezon) risk e yo te note yo, pandan yo pran an konsiderasyon pase sous dlo a, karakteristik/etap kilti a, metòd aplikasyon an, sistèm distribisyon dlo ak sistèm pou jere dlo?	§112.42, §112.50(b)(1): Nan kòmansman chak peryòd pou plante, e omwen yon fwa pa ane, yo dwe enspekte sistèm dlo pou fè agrikilti a pou idantifye kondisyon kote ta ka gen danje oswa bagay ki kontamine ki nan oswa ki sou pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje oswa sifas ki an kontak ak manje. Men ki faktè yo bezwen pran an konsiderasyon: kalite sous dlo a, kapasite pou kontwole sous dlo a, degré pwoteksyon chak sous dlo pou agrikilti, itilizasyon tè ki toupre e ki pa lwen, ak posiblite pou gen yon bagay ki kontamine dlo a anvan li antre nan sistèm distribisyon fèm nan. Yo dwe mete an plas yon sistèm jesyon dlo tou depan de rezulta evalyasyon risk lan.	§ R
5.1	Dlo yo itilize anvan rekòt		
5.1.1	Èske dlo yo itilize anvan rekòt la egal oswa pi piti pase 126 Inite Fòmasyon Koloni (CFU) pou 100ml bakteri echerichya koli jenerik?	§112.41, §112.44(b): Tès dlo yo pa dwe depase 126 CFU oswa dwe mwens pou 100ml (bakteri echerichya koli jenerik) pou dlo anvan rekòt/pou agrikilti. Anvan rekòt gen ladan l, men se pa sa sèlman: irigasyon, dezenfekte, ak pwoteksyon kont nèj. Si dlo pou agrikilti a pa reponn ak kritè sa a, tout altènativ e/oswa tout tretman yo dwe ann amoni ak pati §112.43 and §112.45 PSR la.	§ R
5.2	Dlo yo itilize apre rekòt		
5.2.1	Èske dlo ak glas yo itilize apre rekòt yo e pou lave men yo pa kontamine e yo pa gen bakteri echerichya koli jenerik?	§112.44(a): Tout dlo yo itilize pou aktivite apre rekòt ki vin an kontak dirèk ak pwodui yo, sifas ki an kontak ak manje, oswa yo itilize pou lave pa dwe gen bakteri echerichya koli jenerik (0 CFU pou 100 ml). Tès dlo yo e/oswa sa yo note yo dwe la pou yo ka bay apwobasyon. Si dlo apre rekòt yo pa satisfè ak kritè sa a, tout altènativ e/oswa tretman dwe ann amoni ak pati §112.43 ak §112.45 PSR la.	§ R
5.2.2	Si yo itilize yon metòd trampaj oswa dlo yo resikile, èske gen yon pwogram SOP pou chanje dlo?	§112.48(a): Pou basen trampaj oswa dlo yo resikile, yo dwe tabli kalandriye pou chanje dlo pou ka kenbe sekirite ak kalite kondisyon ijyèn ki apwopriye, e pou redui risk pou ta gen kontaminasyon (Pa egzanp, risk ki ka genyen pou dlo a kontamine apati sòl ki gen pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje ki sou li).	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
5.2.3	Selon sistèm lavaj yo itilize, èske yo kontwole tanperati dlo a oswa jis nan ki pwen dlo a klè oswa twoub?	§112.48(b)(c): Yo dwe veye dlo a pou wè si gen matyè òganik k ap fòme ladan I, ak tout siy ki montre dwe gen yon chanjman. Selon pwodui a, yo dwe veye tanperati a pou evite pa vin gen mikwoòganis.	§
5.2.4	Si yo sèvi ak dezenfektan nan dlo pou rense/lave, èske yo apwouve l pou l an kontak ak manje, èske yo byen kontwole itilizasyon l e note sa k fèt?	§112.43: Li pa obligatwa pou sèvi ak bagay pou dezenfekte, men si yo te itilize yo nan kad aktivite apre rekòt/aktivite lavaj, asire w yo apwouve bagay sa yo pou dezenfekte pou fè travay sa a, e itilizasyon yo ann amoni ak enstriksyon ki sou etikèt pwodui a.	§ R
5.2.5	Èske yo elimine dlo yo fin sèvi/lave/ki frèt yon fason pou redui risk kontaminasyon?	§112.130(c), §112.133(b)(c)(d): Yo dwe jete dlo yo fin sèvi/pou fè lavaj/pou refwadi yon fason pou redui risk kontaminasyon. Pa dwe gen dlo yo jete yo ki gaye deyò a, e yo dwe fè yon jan pou l pa koule sou sifas ki gen pwodui y ap jere yo.	§
5.2.6	Si yo itilize rezèvwa dlo, èske gen SOP ak rejis anrapò ak frekans ak metòd netwayaj la?	§112.123(a)(d)(1): Otank sa posib, rezevwa dlo yo dwe apwopriye pou yo sèvi, fè antretyen, ak netwaye/dezenfekte pou anpeche dlo ki stoke a vin kontamine. Dwe gen rejis anrapò ak sa ki endike kilè, kiyès ak fason yo te netwaye e dezenfete rezèvwa yo.	§ W R
5.3	Analiz dlo		
5.3.1	Èske laboratwa pou analize dlo yo itilize pou tès pi wo a aplike metòd FDA ³ apwouve pou tès bakteri echerichya koli jeneric ki ann amoni ak egzijans PSR?	§112.151: Laboratwa (yo) dwe sou lis enstalasyon analiz dlo ki apwouve nan kad Pwogram Sekirite Pwodui MDAR la.	§
5.3.2	Èske yo teste tout <u>sifas sous dlo</u> yo san wete sa yo pa abitye itilize yo twa (3) fwa pa ane ann amoni ak egzijans pwogram mGAPS?	Sifas dlo yo gen ladan I etan, lak, rivyè, riso, elatriye. Yo dwe fè tès sa yo anvan sezon an/kòmansman sezon, mitan sezon ak nan fen sezon an pou yo ka gen pi plis echantyon sou kalite dlo a. Kit dlo a an kontak ak bagay y ap kiltive pou manje yo kit li pa an kontak avèk li, sa gen efè sou frekans y ap fè analiz yo.	R
5.3.3	Èske yo idantifye kòrèkteman rezulta analiz <u>sifas sous dlo</u> yo (selon kat fèm nan) e yo konsève yo??	§112.50(b)(2): Yo dwe idantifye kote echantyon dlo yo ye sou kat fèm nan. Rezulta tès analiz dlo yo dwe santralize e fasil pou gen aksè pou yo egzamine.	§ R
5.3.4	Èske yo teste (2) fwa pa ane tout <u>sous dlo anba tè yo</u> , san wete sa yo pa abitye itilize yo, ann amoni ak egzijans pwogram mGAPS?	Regilyèman, yo dwe kite yon espas tan pase lè y ap fè analiz pi yo pou yo ka jwenn pi plis echantyon sou kalite dlo a. Kit dlo a an kontak ak bagay y ap kiltive pou manje yo kit li pa an kontak avèk li, sa gen efè sou frekans y ap fè analiz yo. Si yo itilize dlo pi a pou aktivite apre rekòt, frekans analiz lan dwe rete omwen de fwa pa ane.	R



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
5.3.5	Èske yo idantifye kòrekteman rezulta <u>sous dlo anba tè yo</u> (selon kat fèm nan) epi yo konsève yo?	§112.50(b)(2): Yo dwe idantifye kote echantyon dlo yo ye sou kat fèm nan. Rezulta tès analiz dlo yo dwe santralize e fasil pou gen aksè pou yo egzamine.	§ R
5.3.6	Èske yo idantifye kòrekteman rezulta tès <u>sous dlo kominan</u> e yo konsève yo (rapò kominote a sou kalite dlo a)?	§112.46(a), §112.50(b)(7): Pou dlo nan kominote a, rapò/sètifikasi ki apwopriye pou kominote ki konsène a nesesè pou verifye kalite dlo a. Yo dwe kenbe yon kopi rapò/sètifik sa a ak lòt tès sous dlo nan sifas la oswa anba tè. Byenke sa pa obligatwa, yo konsidere analiz endepandan dlo nan kominote a pou valide konkliyion rapò a kòm yon bon bagay. Si dlo pou agrikilti a pa respektè kritè sa a, tout altènativ e/oswa tretman dwe ann amoni ak pati §112.43 and §112.45 PSR la.	§ R
6	Rekòt ak apre Rekòt		
6.0	Pratik konsènan rekòt		
6.0.1	Èske gen yon politik ki endike pwodui moun wè aklè ki kontamine, ki gen pwoblèm, domaj oswa pouri, yo pap rekòlte yo oswa y ap elime yo?	§112.112; §112.114: Jis anvan e apre aktivite rekòt yo, yo dwe pran tout mezi ki rezonab ki nesesè yo pou idantifye epi pa rekòlte pwodui ki sanble ka kontamine ak yon bagay yo konnen ki se danje oswa nan yon mezi rezonab ki ka yon danje. Yo pa dwe distribye tou “Pwodui ki sot tonbe yo”.	§
6.0.2	Èske yo separe pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje ak sa ki pa grandi nan espas ki pwoteje?	§112.111(a): Separe pwodui “ki grandi nan espas pwoteje” ak sa “ki pa t nan espas pwoteje”, sof lè yo mete toulede pwodui sa yo nan menm kontenè pou distribye yo (pa egzanp yon pànye Agrikilti kominote a soutni, CSA). Pami esepsyon yo, gen zafè trete e manyen pwodui ki “pa t nan espas pwoteje” tankou yo te grandi “nan espas pwoteje”.	§
6.0.3	Èske gen yon SOP pou netwaye e dezenfekte sifas ki an kontak ak manje yo pataje yo (pwodui ki te grandi nan espas pwoteje e sa k pa t grandi la) ant de itilizasyon?	§112.111(b): Byen netwaye e dezenfekte, si sa nesesè, kèlkeswa sifas ki an kontak ak manje ki te gen pwodui ki pa t grandi nan espas ki pwoteje, anvan yo itilize sifas sa yo pou aktivite presi yo fè pou pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje.	§
6.1	Kontenè pou rekòt		
6.1.1	Èske kontenè pou rekòt yo (sa gen ladan I bak an bwa yo), yo byen itilize yo, yo stoke yo e yo enspekte yo pou redui risk kontaminasyon?	§112.123(a)(b)(c)(d)(1): Yo dwe stoke e fè antretyen nan kontenè rekòt yo pou anpeche pwodui ki grandi nan espas pwoteje kontamine ak bagay yo konnen oswa lojikman ki reprezante danje, e pou anpeche yo atire parazit e pou yo vin kale ladan I.	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
6.1.2	Èske yo byen idantifye bak ak kontenè pou rekòt yo e yo itilize yo pou sa?	§112.123(a): Yo dwe sèvi espesyalman ak kontenè pou rekòt yo nan objektif sa a nan efò pou redui kèlkeswa risk pou yon bagay kontamine yon lòt (pa egzanp, sèvi ak menm bak pou rekòt, elimine sa k pa bon, ak pote zouti rekòt yo san netwaye ak dezenfekte pou itilize yo).	§
6.1.3	Èske gen SOP ki endike ki lè e kòman yo netwaye e dezenfekte kontenè/bak rekòt yo?	§112.123(d)(1), §112.140: Regilyèman, depi sa posib, yo dwe byen netwaye e dezenfekte bak ak kontenè rekòt yo pou anpeche gen kontaminasyon. Faktè ki ka gen efè sou frekans y ap fè aktivite sa yo gen ladan I kalite pwodui a, kote kontenè yo stoke, bêt ki anvayi, elatriye. Dwe gen rejis anrapò ak sa ki endike kilè, kiyès ak fason yo te netwaye/dezenfekte bak yo. Olye pou gen rejis ki presi, yo ka itilize SOP ki gen enfòmasyon ki pi wo a ak kalandriye ki strik pou dezenfekte, e anmenmtan itilize yon lis kontwòl chak jou pou ekipman an.	§
6.1.4	Si se nan bwat yo fè rekòt yo dirèkteman, èske bwat yo nèf e yo pa t gen kontak dirèk ak sòl la pandan rekòt la?	§112.113, §112.116(a)(1)(2): Si yo fè anbalaj la nan jaden an, materyèl anbalaj yo pa dwe an kontak dirèk ak sòl la. Si yo gen kontak ak sòl la, sa ka lakòz risk pou yon bagay kontamine yon lòt, sa ki ka rive si bwat yo mete oswa stoke bagay ladan yo nan menm espas ak pwodui ki lave/yo anbale.	§
6.1.5	Èske travayè yo fòme pou idantifye pwoblèm anrapò ak kontenè oswa ekipman rekòt e pou yo fè yon sipèviziè konn pwoblèm sa a?	§112.22(b)(3): Travayè yo dwe kapab korije pwoblèm ki gen rapò ak kontenè oswa ekipman rekòt yo epi fè yon sipèviziè oswa lòt moun responsab konnen pwoblèm sa a.	§
6.2	Materyèl anbalaj		
6.2.1	Èske materyèl anbalaj/pou mete manje yo apwouve pou yo itilize yo pou gen kontak ak manje?	§112.116(a)(b): Si anbalaj oswa sa y ap met manje a yo konsidere yo ka itilize I yon sèl fwa e yo pa netwaye I oswa dezenfekte I byen fasil (pa egzanp, bwat katon, bwat an papye, sachè an plastik), yo dwe nèf e yo pa dwe reitilize yo. Epitou, anbalaj ak sa yo met manje yo dwe apwopriye e apwouve pou yon sifas ki an kontak ak manje. Si yo reitilize materyèl pou anbale manje yo, dwe gen mezi apwopriye yo pran pou asire sifas ki an kontak ak manje yo pwòp, tankou byen netwaye kote a anvan.	§
6.2.2	Èske pwodui ki ka kontamine ak <i>Clostridium botulinum</i> , yo anbale yo yon fason pou anpeche pwoblèm sa a?	§112.115: Pwodui ki grandi nan espas ki pwoteje dwe anbale yon fason ki anpeche fòmasyon toksin <i>Clostridium botulinum</i> si se yon toksin yo konnen, oswa yon fason rezonab, ki reprezante yon danje (tankou champion).	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte
6.2.3	Èske yo konsève anbalaj yo e yo stoke yo yon fason k ap redui risk kontaminasyon	§112.123(b)(2): Anbalaj manje ak materyèl anbalaj yo dwe yon kote k ap redui risk kontaminasyon (sa vle di lwen bagay yo mete nan tè a pou ede l, bêt ki ret bò kote moun oswa bète nuizib ki anvayi). Si materyèl anbalaj la parèt pa bon oswa nan move eta, yo dwe jete l.
6.3	Apre rekòt	
6.3.1	Èske gen SOP ak rejis ki endike ki lè yo enspekte, netwaye, e dezenfekte ekipman ak machin sal anbalaj la?	§112.123(d)(1)(2)(e), §112.140: Regilyèman, depi sa posib, yo dwe fè antretyen epi netwaye/dezenfekte ekipman ki nan sal anbalaj la pou anpeche kontaminasyon. Dwe gen rejis ki koresponn ki endike kilè, kiyès, ak fason yo te netwaye/dezenfekte ekipman yo. Men egzanp ekipman nan sal anbalaj la ki gen kontak dirèk/endirèk ak pwodui yo: bagay pou lave bwòs, resipyen pou plonje bagay, materyèl ki refwadi ak dlo, charyo pou leve palèt, charyo ak fouch pou leve bagay, elatriye. Olye pou gen rejis ki separe pou chak ekipman, yo ka itilize SOP ki gen enfòmasyon ki pi wo a ak kalandriye ki strik pou dezenfekte, e anmenmtan itilize yon lis kontwòl chak jou pou ekipman an.
6.3.2	Èske ekipman, machin ak lòt zouti yo itilize nan operasyon anbalaj la ki gen kontak ak pwodui yo an bon eta e yo pa reprezante yon sous kontaminasyon?	§112.123(a)(b)(1)(2)(c), §112.125: Ekipman oswa zouti ki an kontak ak pwodui yo dwe fèt pou sa, an bon eta e nan bon kondisyon ijyèn, epi stoke yon fason k ap redui risk kontaminasyon. Epitou, machin yo itilize pou transpòte pwodui yo dwe byen pwòp e yo dwe byen pran swen yo pou sa.
6.3.3	Èske enstriman oswa kontwòl yo itilize pou mezire, regle, oswa anrejistre tanperati, pH, efikasite dezenfektan, oswa lòt kondisyon yo pou kontwole oswa anpeche mikwoòganis yo miltipliye yo eggak/presi, yo byen pran swen yo, e kantite a ase?	§112.124: Si yo sèvi ak enstriman konsa, li nesesè pou gen bonjan antretyen ki fèt ladan yo pou asire zouti sa yo ap efikas e egzak. Tou depan de gwasè fèm nan, lè n asire gen kantite apwopriye ki disponib, sa enpòtan pou detèmine mezi efikas yo nan bon moman.
6.4	Enstalasyon/Kontwòl sou bète nuizib	



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
6.4.1	Èske gwosè biling nan, konstriksyon an ak fason I fèt (pou kiltive bagay anndan, anbalaj, kote ki frèt pou stokaj, elatriye) apwopriye pou anpeche pwodui yo kontamine (sa gen ladan I, drenaj, tiyo, sòl, mi, akseswa ak plafon)?	§112.126: Biling nan dwe gen ase espas pou aktivite yo fè sou pwodui ki grandi nan espas pwoteje yo ka fèt san sa pa lakòz gen kontaminasyon ant pwodui yo oswa sifas ki an kontak ak manje yo ak materyo konstriksyon yo, sifas ki pa an kontak ak manje oswa rad. Kote ekipman yo ak lòt materyo konstriksyon yo ye yo dwe pèmèt yo ka fè antretyen ak netwayaj. Yo ta dwe fè biling nan yon fason pou gen plizyè separasyon pou redui posiblite pou yon kote kontamine yon lòt. Yo dwe konstwi biling yo yon fason k ap pèmèt yo ka kenbe yon bon kondisyon ijyèn. Fenèt yo, pòt yo ak twati ki byen fèmen nan biling yo dwe fèt yon fason k ap anpeche fuit, salte, pousyè, dechè ak parazit pou yo rantre. Pran an konsiderasyon risk pou pwodui yo ak sifas ki an kontak ak manje yo kontamine akoz atè a, mi yo, plafon yo, enstalasyon yo, kanalizasyon, tiyo yo, ansanm ak gout ak likid k ap koule. Dwe gen mezi ki pran pou pèmèt dlo a byen koule pou asire pa gen dlo ki ret ap dòmi pandan yon bon kou tan.	§
6.4.2	Èske yo kenbe lokal yo ak zòn yo jere pwodui yo annòd e pwòp?	§112.132: Transpò, stokaj ak elimine dechè ak fatra dwe fèt yon fason k ap redui posiblite pou ta atire bèt nuizib oswa tolere yo. Bagay sa yo dwe fèt yon fason k ap evite gen kontaminasyon nan pwodui yo, sifas ki an kontak ak manje, zòn yo itilize pou fè aktivite pou pwodui ki grandi nan espas pwoteje oswa sous dlo.	§
6.4.3	Èske yo idantifye aklè zòn atelye/mentnans ki nan batiman yo fè plizyè bagay ladan yo, e yo sekirize yo nan mezi sa posib e yo pa reprezante yon sous kontaminasyon?	§112.126(a)(1): Yo ka redui posiblite pou gen kontaminasyon lè yo byen fè biling yo, sa gen ladan I separasyon ki fèt nan fèm nan nan zòn kote te ka gen kontaminasyon. Yo dwe mete zòn antretyen yo yon kote k ap anpeche gen bagay ki vin kontamine pwodui yo.	§
6.4.4	Èske limyè ki nan zòn yo jere pwodui yo pwoteje oswa pa kapab kraze (sa gen ladan I limyè pou pran ensèk nan pyèj)?	Lanp ki pa ka kraze oswa limyè ki kouvri, dwe nan zòn anbalaj lan, nan depo ki sèk, chanm fwad ak kote y ap fè chajman yo. Yo dwe pran an konsiderasyon ekipman ki reprezante sous kontaminasyon nan zenglen nan ka ta gen vit ki kraze.	
6.4.5	Èske sistèm evakyasyon dlo yo fin itilize yo ak fòs septik yo yon kote e yo pran swen yo pou anpeche kontaminasyon pwodui oswa sifas ki an kontak ak manje?	§112.131: Dwe gen yon bon sistèm evakyasyon dlo yo fin itilize yo, e yo dwe pran swen I yon fason pou anpeche tout risk pou yon kote vin kontamine yon lòt kote; yo dwe trete fuit ak dlo k ap koule yon kote yo menm jan. Apre tout evènman ki ka gen efè negatif sou sistèm dlo a/septik, gen mezi apwopriye yo dwe pran pou asire sistèm nan kontinye fonksyone yon fason ki pap lakòz kontaminasyon.	§



Lis kontwòl sou sekirite pwodui yo

Q #	Egzijans	Kritè pou respekte	
6.4.6	Èske yo jere dechè òganik yo e mete yo (pil dechè, rès anbalaj, elatriye) yon fason pou redui parazit ak pou yon kote vin kontamine yon lòt?	§112.132: Stokaj, transpò, ak eliminate dechè/fatra dwe fèt yon fason k ap redui posiblite pou n atire bêt nuizib oswa tolere yo. Epitou, li dwe fèt yon fason k ap anpeche pwodui, sifas ki an kontak ak manje, zòn yo itilize pou aktivite yo fè pou pwodui ki grandi nan espas pwoteje oswa sous dlo, pou yo vin kontamine.	§
6.4.7	Èske yo pran swen espas deyò yo, pakin, ak anviwònman bilding nan e yo pa kite yo gen fatra, dechè, ak kote ki kale parazit, e yo byen drene yo?	Nan espas deyò yo, gen bagay ki pa dwe genyen, sa gen ladan l men se pa sa yo sèlman, ekipman oswa machin ki pap mache pandan yon bon tan, dechè, fatra, pil zèb oswa move zèb ki ta ka atire oswa kale bêt nuizib.	
6.4.8	Èske gen yon pwogram kont bêt nuizib, e èske mezi ak pratik ki sou pye yo ase pou kontwole pou pa vin gen yon pil bêt nuizib?	§112.128: Pwogram kont bêt nuizib la ka fòmèl oswa pa fòmèl tou depan de fèm nan ak prèv gen parazit ki anvayi; bezwen oswa nesesite a pral depann de sitiyasyon an. Lè sa nesesè, fèm nan pran mezi ki apwopriye pou kontwole epi redui kantite bêt nuizib ki genyen, sa gen ladan l bonjan pèlen, fèmen bilding yo, eliminate sa ki ta kapab kale bêt nuizib, elatriye.	§
6.4.9	Si gen pwogram kont bêt nuizib nan lokal la, èske gen SOP ak rejis pou evalye ak pèmèt mezi kontwòl ki nesesè yo kontinye?	Si gen pwogram kont bêt nuizib nan lokal la, se direksyon an oswa yon pèsonèl ki byen fòme k ap fè aplike pwogram nan. Depi li la, yo dwe nimewote epi endike pano ki apwopriye pou fè konnen ki kote kèlkeswa pyèj oswa pèlen an ta ye. Epitou, yo dwe idantifye pyèj/pèlen sa yo sou yon kat.	